



Lembar kerja

TUGAS GEGURITAN_By Cahyati Putri

Total pertanyaan: 20

Estimasi pengerjaan: 21menit

Disusun oleh Drajat Supangkat

Nama

Kelas

Tanggal

1. Pahlawanku
(R. Tantiningsih)

Pahlawanku
Wutahing ludirmu
Nyiram ibu pertiwi
Nadyan sang ibu
Kudu muwun sedhih
Karajang-rajang manahe
Karujit-rujit rasa pangrasane

Sapa kang nulis geguritan ing dhuwur?

- | | |
|--------------------|-----------------|
| a) R. Tantiningsih | b) R. Tanti |
| c) R.A. ningsih | d) R.A. Kartini |

2. Tegese maca geguritan kudu cetha yaiku

- | | |
|--|--|
| a) Ngatur mlebu metune napas | b) Kudu ngepasake marang isine geguritan |
| c) Nalika maca geguritan ora kecepeten utawa kalonen | d) Nalika maca geguritan swara kudu cetha lan gamblang ora grememeng |

3. Puisi basa jawa gagrag anyar (modern) kang ora kaiket dening aturan sing gumathok. diarani

- | | |
|--------------|--------------|
| a) Geguritan | b) Paribasan |
| c) Pantun | d) Tembung |

4. Nalika penulis ngarang teks geguritan miwit kanthi netepake

- | | |
|------------------|------------------------|
| a) Tema karangan | b) Judul karangan |
| c) Isi karangan | d) Kesimpulan karangan |

5. **Sapu Sada**

(Dening: Astuti)

Jumat asri

Resik lan sehat

Cancut tali wanda

Nandur kabecikan

Cilik gedhe bagus ayu

Ora mung padha gumuyu

Ora tinggal glanggang colong playu

Tumuju adiwiyata murih rahayu

Crah agawe bubrah

Rukun agawe santosa

Guyub rukun kaya sapu sada

Irah-irahan geguritan ing dhuwur yaiku

- | | |
|---------------------------|---------------|
| a) Guyub rukun | b) Sapu sada |
| c) Adiwiyata murih rahayu | d) Jumat asri |

6. Tema geguritan ing dhuwur yaiku

- | | |
|-------------------------------|-------------------------------|
| a) Guyub rukun ing keluarga | b) Guyub rukun ing sekolah |
| c) Guyub rukun ing lingkungan | d) Guyub rukun ing masyarakat |

7. Para murid ngelakoni kerja bakti ngeresiki sekolahan ing dina

- | | |
|----------------|---------------|
| a) Jumat asri | b) Sabtu asri |
| c) Minggu asri | d) Senin asri |

8. Kumpulan larik kang selaras diarani

- | | |
|----------|----------------|
| a) Bait | b) Tembung |
| c) Larik | d) Irah-irahan |

9. Wirama yaiku
- a) Kumpulan larik kang selaras
 - b) Tujuane penulis gawe geguritan
 - c) Endhek-dhuwur, cendak-dawa, utawa alus kasare swara seng diucapake
 - d) Tembung seng ora sebenere
10. Parafrase yaiku ngowahi wujud teks geguritan dadi wujud
- a) Tembang / lagu
 - b) Gambar
 - c) Prosa / cerita
 - d) Diagram
11. Yen isine geguritan iku sedhik, polatane sing maca kudu
- a) Katon seneng supaya ngrungokake melu seneng
 - b) Katon bungah supaya sing ngrungokake melu bahagia
 - c) Katun Semangat supaya sing ngrungokake melu semangat
 - d) Katun sedhik supaya sing ngrungokake melu sedhik
12. Supaya bisa maca geguritan kanthi becik kudune
- a) Bisa ngarang
 - b) Pinter nembang
 - c) Ngerti pengarang
 - d) Paham isine
13. Kara kanca aja seneng ben ora didohi kancane
- a) Bebarengan
 - b) Gotong royong
 - c) Rukun
 - d) Drengki
14. geguritan iku kangga gampang diarani uga
- a) kakawin jawa kuna
 - b) tembang macapat
 - c) puisi gagrag anyar
 - d) tembang campursari

15. *Aja nangis anakku
Ibumu isih lunga
Sedhela maneh teka
Aja nangis, anakku
Umpama hongkong kuwi mung lor kali
Wis wingi-wingi dakparani
Ing geguritan dhuwur, panggurit dadi ...*

- | | |
|---------|------------|
| a) ibu | b) bapak |
| c) anak | d) sedulur |

16. *Aja nangis anakku
Ibumu isih lunga
Sedhela maneh teka
Aja nangis, anakku
Umpama hongkong kuwi mung lor kali
Wis wingi-wingi dakparani
Isi saka geguritan dhuwur yaiku ...*

- | | |
|---|---|
| a) wong tuwa kudu mesti nduweni
rasa kangen marang anak | b)
bapak kang goleki ibu tekan
hongkong amarga anake lara |
| c) susahe bapak marang ibu kang
nyambut gawe golek duit nganti
tekan hongkong gawe anak | d) susahe bapak dening tangise
anak, sebab kangen ibune kang
lagi nyambut gawe ing hongkong |

17. Jingglengana geguritan ing ngisor!

Medhitasi Mangsa

Sumono Sandy Asmoro

....

Bumi kae ora nate mbedak-mbedakake
Samubarang kang ana ing sadhuwure
Kabeh winih dithukulake
Ora metung papak lancipe
Isine pethikan geguritan ing dhuwur yaiku manungso ...

- | | |
|---------------------------------|---------------------------|
| a) Kudu milah lan milih | b) Ora oleh mbeda-mbedake |
| c)
Kudu bisa mbeda-mbedakake | d) Tumindak sakarepe |

18. Uneg-uneg tukang rosok marang calon pemimpin

Dening Siti Purwati, S.Pd.

....

Nanging, jajalen titenana

Yen panjenengan klakon lungguh kursi

Aja maneh kok takon lan nyalami aku

Yen ketemu, noleh wae panjenengan ora duwe wektu!

Opo maneh kok mujudake janji-janji jenengan

Tembung "*lungguh kursi*" ing pethikan geguritan iku ateges ...

- | | |
|-----------------|------------------|
| a) | b) Lungguh empuk |
| Lungguh kepenak | |
| c) | d) Dadi Juwara |
| Dadi pemimpin | |

19. **Angen-Angen***Fara Fitriana*

Yen ta iso, aku pengen sampurna
Sakora-orane kaya pari ing sawah
Migunani tumrap bebrayan
Nanging tetep ndingkluk andhap asor
Yen ta isa, aku kepingin dadi kelapa
Migunani wiwit oyot nganti janure
Utawa dadi wit ringin
Kuwat ngayomi sapada-pada
Yen ora aku pengen dadi lilin
Menehi pepadhang kanggo liyan
Ning nyatane aku amung manungsa sawantah
Ora rosa nadhan sesangan
Amung bisa netesake luh ing batin
Nalika gawe gela liyan
Tulung, aku aja dipeksa mbangun turut wae
Aku ngerti,
Aku amung ora pengen ana sing lara ati maneh
Aku lan sapa wae sing iso ngayomi
Aku
Aku mung pengen urip mulya kegaro angen-angenku
(Penyebarnya semangat, No 18-30 April 2016)
Angen-angen iku ngemu teges ...

- | | |
|---------------------------------|-------------------------------------|
| a) Gegayuhan sing durung klakon | b) Gegayuhan sing wus klakon |
| c) Kanyatan sing wis dilakoni | d) Kanyatan sing durung dilaksanake |

20. Uneg-uneg tukang rosok marang calon pemimpin*Dening Siti Purwati, S.Pd.*

....

Nanging, jajalen titenana

Yen panjenengan klakon lungguh kursi

Aja maneh kok takon lan nyalami aku

Yen ketemu, noleh wae panjenengan ora duwe wektu!

Opo maneh kok mujudake janji-janji jenengan

Tema pethikan geguritan ing dhuwur yaiku ...

a) Janji

b) Kursi

c) Pemulung

d)

Pemimpin